



Pou Piblikasyon Imedya: 01/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON SERI PATENARYA POU DEVLOPMAN EKONOMIK RADIKAL K AP FÈT ANT NEW YORK AK ISRAEL

*Kòm Konsekans Vwayaj Solidarite Semèn Pase a, Patenarya yo pral Konsantre sou UVA/Dwòn, Transpò, Enèji, Sekirite Enfòmatik, Teknoloji Finansye ak Rechèch ak Teknoloji Swen Sante*

**17 Antite Izrayelyen pral Travay ak Sis Ajans Eta New York ak Lòt Patnè yo pou yo Ranfòse Inovasyon ak Lyen Ekonomik ki Genyen Ant de Eta yo**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon bann seri patenarya pou devlopman ekonomik k ap fèt ant Eta New York ak Israel ki te rive gras a vwayaj Gouvènè a te fè al Israel resaman. Administrasyon an ak plizyè gran enstitisyon swen sante New York yo te siyen yon seri akò ak antite Izrayelyen yo nan endistri tankou ayewonèf san pilòt (Unmanned aerial vehicle, UAV)/dwòn yo, transpò, enèji, sekirite enfòmatik, teknoloji finansyè ak endistri swen sante yo.

"Ekonomi nou an pi solid pase jamè epi mesaj nou pandan vwayaj sa a te senp: New York ouvri pou biznis", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Pandan vwayaj solidarite nou an, nou te konsantre sou domèn kle ki reprezante vrè opòtinite pou kolaborasyon y ap fè ak konpayi Izrayelyen yo lè jèn konpayi Izrayelyen yo chwazi New York, gen anpil potansyèl ekstraòdinè pou kwasans pou toude ekonomi yo. Mwen konfyan ke inisyativ yo te anonse jodi a yo pral plis devlope patenarya ki genyen aktyèlman ant biznis nan New York ak biznis ki an Israel yo, epi pote pèp nou yo menm pi pwòch ankò."

Anons sa yo ap ajoute sou akò Empire State Development ak Otorite Inovasyon Israel la (Israel Innovation Authority) te siyen semèn pae a pou yon patenarya 2 milyon dola ki pral plis ranfòse lyen devlopman ekonomik ki genyen ant New York ak Israel yo. Akò a gen ladan kowoperasyon sou ko-devlopman ak komèsyalizasyon solisyon inovatif yo nan domèn sekirite enfòmatik, chèn apwovizyonman, vil entelijan yo, enèji, veyikil ayeryen san pilòt yo (Unmanned Aerial Vehicles, UAS), syans lavi yo ak lòt domèn yo. Nan kad akò a, New York ak Israel pral etabli yon Patenarya Inovasyon Vil Entelijan yo (Smart Cities Innovation Partnership), ki se yon nouvèl inisyativ ki pral pataje teknoloji inovatif yo, rechèch, talan ak resous biznis yo ant vil yo ki nan New York ak Israel. Gouvènè a te anonse tou ke Pwogram Zòn Cho ak Enkibatè (Hot Spot and Incubator Program) New York yo pral kounye a mete yon nouvo fokis sou konpayi Israel yo ki vle envesti nan Empire State.

Pami plizyè gran pa ak akò ki te fèt pandan vwayaj semèn sa a, Gouvènè a ap anonse plizyè kolaborasyon pou devlopman ekonomik nan sektè ki annapr yo.

**Twa Konpayi Izrayelyen ki Sitiye nan Sant Ekselesans Ayewonèf San Pilòt nan Mohawk Valley a**

**Patenarya New York-Israel la pral Kreye Sant Ekselans UAS la:** Empire State Development pral ofri yon sibvansyon planifikasyon 250,000 dola pou tabli Sant Ekselans pou Rechèch ak Tès Sistèm Aywonèf San Pilòt yo (Unmanned Aerial Systems Research and Testing Center of Excellence) nan Eta New York. Se NUAIR Alliance, ki se yon patnè òganizasyonèl CenterState CEO. Òganizasyon yo estratejikman aliyen nan kad efò y ap fè pou tabli patenarya publik ak prive pou pwomouvwa teknoloji avanse nan zafè UAS ak jesyon sikilasyon UAS yo, epi kreye yon sant pou endistri ki pral atire envestisman ak devlopman biznis. Konpayi New York ak konpayi Izrayelyen yo pral itilize nouvo Sant Ekselans lan pou yo konsantre sou avansman teknoloji yo, sa ki pral pote teknoloji Izrayelyen yo ak Rechèch ak Devlopman (R&D) vin nan mache dwòn New York la epi ouvri mache Izrayelyen yo pou konpayi UAS Eta New York yo. Twa konpayi lokatè Izrayelyen - Vorpal, Flytrex and CivDrone - te déjà pran angajman pou yo travay ak NUAIR epi itilize nouvo Sant Ekselans lan. Semèn sa a, yo te valide sistèm parachit ki te ekipe ak dwòn livrezon pake Flytrex yo kòm konfòm ak estanda endistri yo pou parachit, apre NUAIR te konplete tès yo nan Sit Tès UAS New York la, nan Ayewopò Entènasyonal Grifiss la nan Rome, New York.

**Konpayi UAS Civdrone lan pral Òganize Jounen Demonstrasyon an nan Kad Plis Agrandisman Eta New York la:** Siksè Civdrone lan nan pwogram GENIUS NY la te estimile enterè pou yo fè envestisman ki pral pèmèt konpayi a agrandi menm plis ankò nan Eta New York pase yo te planifie avan. Direktè Egzekitif Rejyonal Civdrone lan, Tom Yeshurun pral vizite eta a pou yo chwazi yon sit konstriksyon apwopriye pou yo òganize yon jounen demonstrasyon pou kontraktè yo ak konpayi jeni sivil yo, antanke youn nan aplikasyon ki pi enpòtan yo te anvizaje pou pwodui UAS Civdrone lan se te pou yo ede nan kad kowòdinasyon konstriksyon fizik avèk konsepsyon plan direktè li a. Jounen Demonstrasyon an pral fèt nan mitan mwa Out la. Civdrone ap devlope solisyon makaj rapid, fyab ak otonòm sou konpayi dwòn yo pou endistri konstriksyon an. Nimerizasyon ak otomatizasyon sèvis apatantaj yo ap ogmante pwodiktivite epi redui dire tan konstriksyon an pandan l ap bese pri yo.

### **Cornell Tech pral Mennen Efò pou Modènize Teknoloji MTA a**

**Avni Konferans Mobilite ak Cornell Tech ak MTA:** Cornell Tech, yon pwogram invèsitè asosy ant Cornell University ak Technion-Israel Institute of Technology, ak MTA pral rasanble lidè nasyonal ak entènasyonal yo ansanm k ap soti nan mond invèsitè a, biznis, gouvènman ak teknoloji pou yo eksploré solisyon pou defi ki pi pwoblematik sektè transpò Vil New York la ap konfwonte yo. Lè nou pwomouvwa espri kolejyalite ak kowoperasyon ki te jenere pandan jis kèk èdtan an Israel rive nan de jounen konplè diskisyon ki te gen sou nouvo teknoloji ak metòd pou modènize enfrastrikti ansyen syèk MTA a, konferans lan pral mete diskisyon inovasyon transpò komen an nan yon lòt nivo. Globalizasyon konvèrsasyon sou sijè ki alafwa inovatè ak konvansyonèl yo pral pèmèt MTA a agrandi rezo patenarya li yo epi bay Nouyòkè yo pi bon sèvis.

### **Senk Konpayi Enèji Izrayelyèn ap Antre nan Eta New York**

Nouvo relasyon ki dekri anba yo ap sipòte Lidèchip Klima ak Lwa pou Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act) eta New York la, ki se

pwogram klima ki pi agresif nan nasyon an, k ap dirije eta a anvè yon ekonomi net sou plan degajman kabòn apati 2050.

**Konpetisyon Inovasyon Enèji 2.5 Milyon dola New York-Israel Ia:** Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ap fè patenarya ak Asosyasyon Enèji Entèlijan Israel la (Israel Smart Energy Association, ISEA) pou yo lanse yon konptisyon 2.5 milyon dola pami konpayi Izrayelyèn ki gen ekspètiz nan efikasite enèjetik ak pwodiksyon enèji pwòp yo pou sipòte pwochèn jenerasyon teknoloji veyikil elektrik yo, fyabilite rezo elektrik la, estokaj enèji ak demand teknoloji fleksibilite yo. Konpetisyon an pral pèmèt NYPA ak ISEA idantifye plizyè konpayi inovan epi bay gayan yo opòtinite pou yo travay ak gran konpayi sèvis publik yo pou yo ede kreye avansman siyifikatif nan kad fyabilite rezo a, estokaj, dirabilite ak abòdabilite, yo tout ap nan avantaj kontribiyab yo, konpayi sèvis publik yo ak anviwònman an.

**Zero Energy Solutions, ki se yon Konpayi Enèji Pwòp ki Baze an Israel, pral Ouvri yon Biwo nan Eta New York:** Konpayi enèji pwòp Izrayelyèn Zero Energy Solutions lan pral ouvri yon biwo nan Eta New York gras a sipò yon sibvansyon 400,000 dola Otorite Rechèch ak Developman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te akòde yo. Ane pase, NYSERDA te siyen yon Pwotokòl Dakò (Memorandum of Understanding, MOU) ak Otorite Inovasyon Israel pou ede idantifye konpayi enèji Izrayelyèn yo ki ka ede New York satisfè objektif enèji ak objektif klimatik li yo. Zero Energy Solutions kreye teknoloji otomatizasyon ki pèmèt biling komèsyal yo redui itilizasyon enèji yo pa 25 pouzan yo estime ominimòm, nan konsa redui pri enèji yo.

**NYPA ap fè Patenarya ak Konpayi Sekirite Enfòmasyon ak Jesyon Rezo Izrayelyèn yo pou yo Teste ak Demontre Solisyon Inovatris yo nan New York:** NYPA pral fè patenarya ak konpayi Izrayelyèn CY-OT ak SIGASEC Ltd paske sekirite enfòmatik se yon gwo pwoblèm pou sèvis publik toupatou nan mond lan. Akò nan domèn sa a ap ede mete New York nan pozisyon kòm yon lidè nan domèn empòtan sa a. NYPA pral fè patenarya tou ak konpayi kaptè rezo Izrayelyèn yo, EGM ak Vocal Zoom. Sistèm kaptè rezo yo pèmèt konpayi sèvis publik tankou NYPA yo pwofite konplètman de nouvo teknoloji dijital yo.

**NYPA ap fè Patenarya ak Kòporasyon Elektrik Izrayelyèn lan (Israeli Electric Corporation, IEC):** Kòporasyon Elektrik Izrayelyèn lan, ki an majorite pwopriyete leta epi ki se pi gran founisè elektrisite an Israel, pral fè patenarya ak NYPA, ki se pi gran konpayi sèvis publik ki se pwopriyete eta a nan Etazini, pou mennen rechèch kolaborativ sou sekirite fizik ak sekirite enfòmatik zòn lan, ansanm ak lòt domèn yo gen enterè an komèn yo, tankou modènizasyon rezo, estokaj enèji, ak veyikil elektrik yo. Efò rechèch kolaborativ sa yo ap mete Eta New York nan pozisyon kòm yon lidè nan domèn esansyèl inovasyon enèji avanse ak sekirite enfòmatik yo.

### Patenarya ak Inovatè Syans Lavi Izrayelyen Prensipal yo

**Patenarya Sant Jenom New York la (New York Genome Center) ak Enstiti Teknoloji Technion-Israel la pou konbat ALS:** Sant Jenom New York la ak Technion pral kolabore pou yo konplete katografi jenetik pou tout 600 pasyan ALS ki an Israel yo, ki gen ladan Arab ak Jwif yo, kote pou lapremyè fwa y ap fè yon katografi jenetik milti-ètnik nan pasyan ALS Izrayelyen yo. Yo pral konpare rezulta done yo jwenn yo ak plis pase 3,000 sekans jenom ALS ki nan Konsòsyòm Global ALS NYGC a. Prezidan

Technion an, Pwofesè Peretz Lavie ak Pwofesè Aaron Ciechanover, Loreya Pri Nobèl 2004 la, ki se de konseye Asosyasyon ALS Israel la (Israel ALS Association), te travay ak Doktè Hemali Phatnani, ki se Direktè Sant pou Maladi Jenomik Newodejenerativ NYGC a (NYCG Center for Genomics of Neurodegenerative Disease) ak Doktè Tom Maniatis, Direktè Syantifik ak Direktè Egzekitif Jeneral NYGC a, pral tabli nouvo kolaborasyon rechèch sa a. Kolaborasyon sa a lye pwogram IsrALS an Israel la, ki vize enskri tout pasyan ALS Israel yo nan Konsòsyòm ALS NYCG a.

**Patenarya ant Roswell Park ak Maccabi Healthcare ak University of Haifa:** Sant Kansè Global Roswell Park la (Roswell Park Comprehensive Cancer Center) pral antre nan de MOU: youn kote l ap fè patenarya ak Maccabi Healthcare Services epi lòt la ak University of Haifa. Toude MOU yo pral santré sou devlopman nouvo apwòch pou yo pi byen trete, detekte, ak prevni kansè.

**Northwell Health ap Akeyi Konpayi Swen sante Izrayelyèn yo:** Youn nan pi gwo anplwayè prive ak pi gran sistèm swen sante New York la, Northwell Health ap renouvel MOU li gen ak Otorite Inovasyon Israel la epi li pral akeyi konpayi swen sante dijital Izrayelyèn yo nan New York an Septanm. Konpayi yo pral travay ak Northwell sou yon bann seri inovasyon, ki gen ladan kaptè pòtab yo ak lòt aparèy evalyasyon sante ak dispozitif reperaj yo, ansanm ak medikaman terapetik yo ak esè klinik yo.

**Patenarya ak Ben-Gurion University (BGU) an Israel pou Pwomouvwa Kwasans nan Endistri Sekirite Enfòmatik la**

**SUNY Agrandi Patenarya Sekirite Enteryè ak Sekirite Enfòmatik New York-Israeli a:** Fakilte Preparasyon Ijans, Sekirite Enteryè ak Sekirite Enfòmatik la (College of Emergency Preparedness, Homeland Security and Cybersecurity) nan SUNY Albany se premye fakilte otonòm ki dedye a sijè preparasyon ijans, sekirite enteryè ak sekirite enfòmatik. Fakilte a pral fè patenarya ak Ben-Gurion University of the Negev an Israel pou yo pwomouvwa dyalòg ak kwasans entènasyonal nan rechèch sou sekirite enfòmatik, edikasyon ak endistri a. Enstitisyon yo pral mete ansanm pou yo fè yon somè echanj sou sekirite enfòmatik, rechèch ak endistri, ansanm ak eksploré yon pwogram doub diplòm, k ap dire de semèn.

### **Israeli Securities Dakò pou yo Kolabore sou Inovasyon Finansyè**

**Akò ant New York ak Israel sou Kowoperasyon Teknoloji Finansyè (FinTech):** Depatman Sèvis Finansye Eta New York la (New York State Department of Financial Services) ak regilatè finansye Israel yo, Otorite Mache Kapital yo, Asirans ak Epay (Capital Markets, Insurance and Savings Authority), Otorite Sekirite Izrayèl (Israel Securities Authority, ISA), ak Bank of Israel, te siyen yon MOU pou rann li pi fasil pou inovatè FinTech ki soti nan chak mache pou yo antre nan lòt, sa k ap pwomouvwa New York ak Israel kòm sant inovasyon pou teknoloji sèvis finansye yo. Israel gen plis pase 750 konpayi FinTech ki alimante an pati gras a yon rezèvwa talan ekspè nan enfòmatik pwofon atravè fòmasyon militè. Gras a MOU sa a, New York ak Israel pral: refere inovatè FinTech youn bay lòt, sa ki ka amelyore vitès yo sou mache a, echanje enfòmasyon sou pwoblèm reglementè ak politik yo; asire ke inovatè ki nan chak jiridiksyon resevwa nivo sipò ekivalan; pataje ekspètiz, ak kowòdone sesyon fòmasyon yo.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Howard Zemsky, te deklare**, "Jodi a, patenarya devlopman ekonomik solid New York ak Izrayèl la pral ranfòse atravè divès inisyativ tankou teknoloji dwòn ak tretman kansè, epi bati sou fòs mityèl nou yo pou avanse ekonomi inovasyon eta a".

**Sipè-entandan Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) la Linda A. Lacewell te di**, "Depatman Sèvis Finansye Eta New York la kontan pou l asosye avèk zanmi Izraelyen nou yo ak omològ reglemantè yo atravè akò sa a epi pou travay ansanm pou asire ke yo retire obstak ki pa nesesè yo ki anpeche devlopman FinTech epi mete an plas pwoteksyon konsomatè ki nesesè yo pou sipòte inovasyon aktyèl ak sa nan lavni yo. Relasyon ki byen etabli ant New York ak Izrayèl la pral amplifye ak agrandi atravè akò sa a, ki pral fasilite kapasite antreprenè ak inovatè pou travay nan tou de peyi yo".

**Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare**, "Envestisman Gouvènè Cuomo yo nan teknoloji pwòp ki ap emèje e ki ap mennen nan nasyon an ap pèmèt konpayi inovatè, vizyonè yo tankou Zero Energy Solutions pou elají operasyon yo epi pote pwodui yo nan mache New York la. Ede konpayi enèji pwòp yo pran ekstansyon enpòtan pou agrandi ekonomi ekologik nou yo epi konbat chanjman klimatik, ki pa sèlman yon priyrite New York, men yon pwoblèm mondal, e nou fyè pou asosye ak Izrayèl sou efò sa a".

**Gil C. Quinones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA, te deklare**, "Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, patenarya Otorite Enèji a ak konpayi Izraelyen yo nan endistri enèji a te gen anpil valè pandan transfòmasyon dijital Otorite Enèji New York la e nou espere ke nouvo akò sa yo pral bay benefis k ap rive lwen tou. Nouvo patenarya New York-Izrayèl sa yo se yon ekstansyon natirèl nan kolaborasyon anvan nou yo e ki pral pèmèt New York ak Izrayèl—de nan pi gwo sant teknoloji nan mond lan—jenere pi gwo inovasyon epi pwodwi benefis konsiderab k ap dire pou tou de pati yo ak pou sèvis piblik atravè lemond. Inovasyon sa yo pral ede nou toude reyalize objektif anbisye nou yo pou yon sistèm enèji ki rezistan, san danje, renouvlab ak abòdab ki pèmèt nou adrese defi chanjman klimatik yo jodi a".

**Ron Brachman, Direktè Enstiti Jacobs Technion-Cornell nan Cornell Tech ak yon Pwofesè Syans Enfòmatik nan Cornell University, te di**, "Nou kontan anpil pou patisipe nan inisyativ sa a pou eksplore nouvo fason pou itilize teknoloji k ap emèje pou adrese pi gwo defi k ap fè fas a Eta New York a, Eta Izrayèl ak mond lan jodi a. Gras ak lidèchip ak vizyon Gouvènè Cuomo, kolaborasyon inovatè sa a bati sou patenarya fòmidab ant Cornell University ak Technion-Israel Institute of Technology".

**Direktè Sant NYGC pou Maladi Jenomik Newodegeneratif ak Doktè Tom Maniatis te di**, "Kolaborasyon sa a vize avanse konpreyansyon baz jenetik ALS, epi finalman abouti a devlopman nouvo tretman. Ofiyamezi n ap vanse pou pi devan, nou espere ogmante sansibilizasyon sou ALS epi atire resous filantwopik an plis pou finanse rechèch enpòtan sa a".

**Pwofesè Peretz Lavie Prezidan Technion te di**, "Sa a se yon pwojè inik. Trase katografi chak pasyan ALS Izrayèl yo pral bay done ki gen anpil valè pou pi byen konprann sa ki lakòz maladi devastatè sa a. Izrayèl pral sèl peyi nan mond lan kote yo pral etidye chak gress pasyan ALS. Jiskaprezan yo te trase katografi 81 pasyan epi nou espere atire resous filantwopik an plis pou konplete pwojè anbisye sa a. Nou rekonesan

anvè Gouvènè Cuomo ki te inisyé kolaborasyon Technion-NYGC ki te abouti a pwojè empòtan sa a".

**Iftach Cohen, Direktè Egzekitif Jeneral, Zero Energy Solutions te di**, "Nou kontan anpil dèsk prim NYSERDA a ap pèmèt nou ouvri biwo Nò Ameriken nou an nan Vil New York. Nou pa ka tann pou nou entwodwi premye platfòm Klima Entèlijan nou an pou aprann, yon solisyon optimizasyon enèji ploge epi jwe entelijan pou pwopriyete imobilye komèsyal, pou mache Etazini an. Teknoloji inovatè nou an pral sipòte lejislasyon klima istorik New York pase dènyèman an epi ede eta a reyalize objektif enèji li yo".

**Hedva Ber, Sipèvizè Bank yo, te di**, "Pwomouvwa avansman teknolojik ak inovasyon nan sistèm bankè nou an se youn nan objektif estratejik Bank Izrayèl la. Mwen remèsyé kòlèg mwen yo ak patnè New York yo pou kowoperasyon sa a, ki pral sipòte kapasite nou pou nou alavangad teknoloji pandan ke n ap asire ke yo jere tout kalite risk selon pi bon pratik entènasyonal yo".

**Responsab Otorite Mache Kapital yo, Asirans ak Epay, Moshe Bareket, te di**, "Kòm regilatè an chaj operasyon ki pa gen arevwa ak bank FinTech yo nan Izrayèl la, Otorite Mache Kapital yo, Asirans ak Epay akeyi koperasyon ak travay ansanm ak lòt regilatè mondal ak lokal yo. Mwen sèten ke nou pral gen echanj pwodiktif ak konstriktif sou FinTech ak kòlèg New York nou yo sa ki pral mityèlman benefik".

**Prezidant Otorite Sekirite Izrayèl, Anat Guetta, te di**, "Nou konprann ke teknoloji FinTech ka ankouraje byennèt investisè, e pou fè sa nou bezwen idantifye ak analize sa ki t ap valè potansyèl la pou investisè yo. Mond finansye ak teknolojik yo opere prèske san fwontyè. Entegrasyon mondal se yon eleman empòtan sipèvizon e akò sa a, ansanm ak lòt aktivite mondal ISA a, se yon pati empòtan nan entegrasyon sa a".

**Majò Jeneral (Res.) Yiftach Ron-Tal, Prezidan Konsèy Administrasyon Kòporasyon Elektrik Izraelyen te di**, "Mwen onore epi fyè anpil pou m egzekite MOU sa a ant IEC ak NYPA. IEC, pi gwo kòporasyon enfrastrikti kritik Izrayèl la, te devlope konesans ak pwoesisiperyè ansanm ak vas eksperyans fizik ak sekirite enfòmatik, akòz ekspozisyon a anpil atak ki soti toupatou nan mond lan. Mwen sèten MOU sa a pral kontribye anpil nan koperasyon ak patenarya ant IEC ak NYPA, li pral amelyore kapasite defans nou yo epi li pral bay baz pou reyalize pwogrè nan zòn ki gen enterè empòtan pou de konpayi yo, ak pou eta Izrayèl la ak Etazini".

**Elad Shaviv, Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Izraelyen Enèji Entèlijan (Israeli Smart Energy Association) te di**, "Nou kontan anpil pou kolabore ak NYPA pou sipòte transfòmasyon sektè enèji a. Konpetisyon Inovasyon New York-Israel la, poteanpil benefis pou konble vid difisil ki genyen ant solisyon inovatè ak utilizasyon komèsyal, epi li pral benefisyé New York ansanm ak Izrayèl nan bati yon anviwònman ki pi sen ak pi an sekirite pandan y ap kreye travay ak sektè lidèchip".

**Amir Cohen, Direktè Egzekitif Jeneral EGM te di**, "NYPA ak EGM ap kolabore sou yon pwojè demonstrasyon pou kontwole yon fason entèlijan ak efikas sistèm liy transmisyon ki sispani NYPA yo ki baze sou detèktè entelijan, optimize gwo done ki baze sou previzyon ak teknoloji analistik devlope pa EGM. Sistèm analistik EGM la trete a gwo-done ki kolekte a epi bay enfòmasyon itil empòtan nan tan reyèl, pou enfòme operasyon, antretyen ak jesyon rezo a. Pwojè NYPA-EGM a gen pou objektif pou

modènize rezo a nan ogmante kapasite rezistans rezo a, maksimize itilizasyon atou yo, ak amelyore sistèm sekirite yo pou rezo ansanm ak kliyan yo".

**Tal Bakish, Direktè Egzekitif Jeneral VocalZoom te di**, "IoT endistriyèl la sèlman osi bon ke detèktè yo ki kontwole machin yo. Malerezman, plis detèktè IloT konstwi sou teknoloji ki fè solisyon prediksyon antretyen yo chè epi pa fyab pou yon kantite ka itilizasyon enpòtan. Pwojè sa a pral teste nouvo detèktè VocalZoom yo avèk objektif pou fè kontwòl transfòmatè kouran pi egzat ak efikas. Nan amelyore kapasite siveyans NYPA yo, pwojè a sipòtè estrateji Gouvènè Cuomo pou bati yon sistèm enèji pi rezistan".

**Direktè Egzekitif Jeneral ak fondatè CyberGym Ofir Hason te di**, "CyberGym onore fè patenarya ak NYPA, yon jwè kle nan mache enèji NY la. Koperasyon mityèl la pral asiste CyberGym nan agrandi prezans li nan NY, pandan y ap siyifikativman amelyore nivo sekirite enfòmatik konpayi kouran lokal yo. Nou kwè ke MoU ki siyen dènyèman an pral abouti a yon plan travay alontèm ak yon lavi ki gen plis sekirite, san yo pa envesti nan plis pwodwi sekirite".

**Candace S. Johnson, PhD, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Sant Anti-Kansè Roswell Park la (Roswell Park Comprehensive Cancer Center) te deklare**, "Mwen ta renmen remèsyé Gouvènè Cuomo paske li envite Roswell Park pou patisipe nan vwayaj tankou sa a. Chak fwa ke nou ale ak relasyon ak patenarya pasyan atravè mond lan pwofite de sa. Nan Maccabi Healthcare Services ak Tauber Center Haifa University a, nou jwenn ekip ki pasyone menm jan ak nou pou aplike yon fason estratejik ekspètiz ak resous nou yo pou nou fè yon diferans pou pasyan kansè yo ak kondwi syans lan ki pral ede nou pa sèlman kontwole kansè men anpeche li tou".

**Michael Dowling, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Northwell Health te di**, "Pou de ane ki sot pase yo, Northwell Health te kolabore avèk Otorite Inovasyon Israel la sou devlopman, validasyon ak aplikasyon innovasyon medikal ki avanse swen pasyan yo. Nou pa ka tann pou avanse ak kolaborasyon nou yo ak anpil jèn konpayi Izraelyen ki ap chache solisyon sante dijital inik ki pwomèt amelyore kalite ak pi byen sèvi pasyan nou yo. Nou remèsyé Gouvènè a paske li rekonèt possiblite ki egziste nan swen sante ak anpil lòt endistri ak konpayi inovatè Izraelyen sa yo".

**Visprezidan Angajman Global Ben Gurion University Pwofesè Limor Aharonson-Daniel te di**, "Nou pa ka tann agrandisman Patenarya Sekirite Teritwa ak Sekirite Enfòmatik avèk SUNY Albany. BGU apresye anpil e valorize sipò Gouvènè Cuomo ki te konsevwa CEHC nan Albany an 2015, ki te apwouve koneksyon ak Sant Rechèch Respons Ijans (Center for Emergency Response Research) BGU PREPARED an 2017, e kounye a k ap chèche pou l elaji patenarya a".

**Robert P. Griffin, Dwayen Fondatè Fakilte pou Preparasyon pou Ijans, Sekirite Teritwa ak Sekirite Enfòmatik (College of Emergency Preparedness, Homeland Security and Cybersecurity, CEHC) nan UAlbany, te di**, "Vizyon Gouvènè a pou yon kolèj SUNY ki dedye pou fòme moun ki pral kenbe fanmi ak kominate nou yo an sekirite pa gen limit. Opòtinite pou pataje, travay ak aprann avèk zanmi ak kòlèg nou yo an Izrayèl ak nan Ben Gurion University reflete valè UAlbany yo ak misyon estratejik nan New York ak toupatou nan mond lan. Mwen rete onore pou m nan vizyon sa a, misyon, ak patenarya".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)